



Ou se lanmou nan lavi mwen

Mwen vle wè pitit mwen an grandi ansante epi ak kè kontan. Paske se mwen ki premye pwofesè ki enpòtan pou pitit mwen, mwen pral

- ✓ Mete senti sekirite pou pitit mwen an kòrèkteman chak fwa l ap monte nan machin lan avèk mwen.
- ✓ Mete senti sekirite pa m tou paske pitit mwen an bezwen m.
- ✓ Anseye pitit mwen an sou fason pou l an sekirite lè l monte nan yon machin.
- ✓ Yon bon egzanp pou pitit mwen an.
- ✓ Raple fanmi m ak lòt moun k ap bay swen pou yo toujou mete senti sekirite an sou pitit mwen an de fason kòrèk.

Always buckle up your child correctly on every ride and be sure to buckle up yourself, too!

Ou se lanmou nan lavi mwen

Timoun yo ta dwe chita dèyè lè machin lan ap mache paske



- ✓ Se pati nan machin lan ki pi asire si ta gen yon aksidan ki vin fèt.
- ✓ Yo gen mwens chans pou yo distrè chofè a lè yo chita dèyè machin lan.
- ✓ Sak gonflab yo ka touye timoun, espesyalman tibebe.

For safety, children should always ride in the back seat of the car. Air bags can kill children, especially babies.

Ou se lanmou nan lavi mwen

Mwen konnen li enpòtan pou mwen pwoteje fanmi mwen, kidonk m ap toujou ka pran yon minit pou m tcheke ke tout moun gen senti sekirite yo anplas kòrèkteman nan chèz ki apwopriye a chak fwa fanmi m monte nan machin lan.



Itilize tablo sa a pou detèmine nan ki kalite chèz sekirite pitit ou an ta sipoze chita lè l monte nan yon machin.

	Tibebe	Timoun Piti	Jèn Timoun
laj/pwa	Nesans jiska 1 an omwen 20 a 22 liv	Plis pase 1 an epi plis pase 20 liv a 40 liv	Plis pase 40 liv Ant laj 4 a 8 an, amwenske li 4'9" (4 pye 9 pous)
Tip chèz	Timoun piti sèlman oswa Chèz ki ka chanje ki bay fas sou dèyè	Chèz ki ka chanje/chèz ki bay fas sou devan	Chèz sipò ki gen senti
Pozisyon chèz la	Chèz ki bay fas sou dèyè sèlman	Chèz ki bay fas sou devan	Chèz ki bay fas sou devan
Toujou asire w de sa	Timoun rive jiska laj 1 an e ki peze omwen 20 liv dwe chita nan chèz ki bay fas sou dèyè. Pase bann yo nan nivo zèpòl timoun lan oswa pi ba.	Pase bann yo nan nivo zèpòl timoun lan oswa pi ba. Pifò chèz mande pou gen yon twou anwo pou chèz lan ka bay fas sou devan.	Ou dwe itilize chèz sipò ki gen senti ansanm ak senti pou zèpòl lan ak senti ki pase sou janm lan. Asire w senti ki pase sou janm lan byen ajiste ba epi sere sou janm yo oswa sou pati anwo janm yo epi senti pou zèpòl la byen sere sou lestomak ak zèpòl la pou ka evite chòk nan vant.
Atansyon	Tout timoun ki gen 12 an oswa mwens ta dwe chita nan chèz dèyè lè machin lan ap mache.		

Pou plis enfòmasyon, rele nan 1-888-327-4236 oswa kontakte departman lapolis ak ponpye nan lokalite w lan, oswa vizite www.mass.gov/ghsb (klike sou "Programs") oswa vizite www.nhtsa.dot.gov.



Rapèl Chèz Sekirite

Menmjan ak machin ak lòt pwodui, yo ka "antre" yon chèz sekirite pou machin paske li gen yon defo ki ka blese pitit ou an.

- ☀ Anrejistre nouvo chèz sekirite pou machin ou an.
- ☀ Si yo antre chèz ou an, asire w ou bay fikse l rapidman.
- ☀ Si w pa fin twò si yo te antre chèz ou an, rele liy èd pou sekirite D.O.T. (Depatman Transpòtasyon) an nan : **1-888-327-4236**.
- ☀ Mete chèz la devan w lè w rele liy èd la.

Just like cars and other products, a car safety seat may be "recalled" because of a defect which could injure your child.



Non Fabrikan an: _____

Nimewo Modèl/Non Modèl la: _____

Yo Fe L la: _____



Sekirite Sak Gonflab

Yon sak gonflab ka blese anpil oswa touye yon tibebe oswa yon timoun ki chita sou devan lè yon machin ap mache.

- ☀️ Yon sak gonflab se pa yon zorye mou.
- ☀️ Fòs yon sak gonflab ka bay yon moun ki chita twò pre l pwoblèm.
- ☀️ Timoun ki nan chèz sekirite ki bay fas sou dèyè PA DWE JANM chita sou devan nan machin lan.
- ☀️ Timoun ki gen 12 an oswa mwens dwe chita dèyè nan machin lan ak senti sekirite yo.

An infant or child riding in the front seat can be seriously injured or killed by the air bag.

Chèz Sekirite Sove Lavi

Aksidan machin ka reprezante yon gwo risk pou timoun. 8 timoun ant laj 0 a 12 an te mouri e apeprè 500 te blese nan aksidan machin nan Massachusetts nan lane 1999.

Lè yo enstale kòrèkteman, chèz sekirite pou timoun redwi risk pou yo mouri nan yon aksidan machin a 71% (swasann onz pousan) pou tibebe epi a 54% (senkannkat pousan) pou timoun piti. Senti sekirite ogmante chans pou siviv yon aksidan a 45% (karannsenk pousan).

When properly installed, child safety seats reduce the risk of death in a motor vehicle crash by 71% for infants and 54% for toddlers. Safety belts increase the chance of surviving a crash by 45%.



Lwa sou Sekirite Timoun ki Pasajè nan machin nan Massachusetts

Child Passenger Safety Laws in Massachusetts

Children must ride properly secured in child safety seats until they are both 5 years old and weigh over 40 pounds. Children who weigh over 40 pounds, but are under 5, must ride in booster seats.

Children older than 5 and over 40 pounds must be properly restrained. Children 12 and older must wear a safety belt as required by the Massachusetts Safety Belt Law.

Timoun dwe nan yon chèz sekirite pou machin lè machin lan ap mache jiskaske yo gen alafwa 5 an epi yo peze plis pase 40 liv. Timoun ki peze plis pase 40 liv, men ki gen mwens pase 5 an, dwe itilize yon chèz pou sipò.

Timoun ki gen plis pase 5 an epi ki peze plis pase 40 liv dwe byen boukle nan machin lan.


Timoun ki gen 12 an oswa plis dwe mete senti sekirite jan lalwa Massachusetts sou Senti Sekirite mande pou fè sa.

Chofè yo pral resevwa yon amann \$25 pou chak timoun ki pa mete senti sekirite yo. Yon ofisyè lapolis ka rete machin ou si yon timoun ki gen mwens pase 12 an pa byen boukle nan machin lan.

Child Passenger Safety

Haitian Creole Language

Sekirite Timoun Ki Pasajè



Ou se lanmou nan lavi m



Beth Israel Deaconess Medical Center

Ti bwochi sa a devlope avèk kolaborasyon epi ak lajan Administrasyon Nasyonal Sekirite Trafik sou Otowout (National Highway Traffic Safety Administration), Region 1 Office, Cambridge, MA

Nou ba w Pèmasyon pou repwodwi enfòmasyon sa a depi ou bannou kredi pou sa.